



Pou Piblikasyon Imedya: 28/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

LIDÈ AK OTORITE KI ELI NAN BUFFALO YO ANONSE KONTRA LOJMAN NEW YORK GOUVÈNÈ HOCHUL LA APRE TAB WONN LWÈS NEW YORK LA

Gouvènè Kathy Hochul te òganize yon tab wonn kominotè avèk lidè lokal yo ak otorite ki eli nan Buffalo yo pou diskite sou Kontra Lojman New York la - estrateji konplè Gouvènè a te anonse nan bidjè egzekitif ane fiskal 2024 la pou abòde kriz lojman New York la epi konstwi 800,000 nouvo kay nan pwochen deseni an. Defansè yo te eksprime sipò yo pou plan an, ki baze sou vizyon Gouvènè a pou fè New York vin pi fasil pou viv, pi aksesib, ak pi abòdab.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Erie (Erie County Industrial Development Agency, ECIDA), John Cappellino, te deklare, "Devlopman Kominote a dwe fè pati nenpòt estrateji devlopman ekonomik ki gen siksè; yo de a ekstrèmeman lye. Gen ase rezèv lojman ki abòdab pou mendèv nou an se yon bagay esansyèl pou atire anplwayè yo ak pou kreye kwasans travay nan Eta New York. ECIDA kontan pou l chita sou tab la pou kreye estrateji sou fason pou atenn objektif lojman mendèv yo ki fikse nan Kontra Lojman Gouvènè a".

Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral People Inc., Rhonda Frederick, te deklare, "Antanke youn nan pi gwo founisè lojman abòdab nan lwès New York, mwen felisite Gouvènè Hochul pou plan Kontra Lojman detaye li a. Gouvènè Hochul gen yon pèspektiv inik sou sa ki nesèsè pou fè lojman rive nan nivo lokal paske li te manm Konsèy Vil Hamburg, epi li konprann bagay tankou delimitasyon zòn ak SEQR. Tout bagay nou te travay sou yo avèk li nan ane 1990 yo. Li lè pou Eta New York gen yon plan tankou pa Gouvènè a pou nou ka simonte pwoblèm NIMBY yo nan kominote nou yo epi kreye opòtinite lojman pou plis moun ak nan plis kominote nan gran eta nou an".

Majistra Vil Buffalo Byron W. Brown te deklare, "Gouvènè Hochul konprann ke pou nou devlope ekonomi nou an, nou bezwen elaji rezèv lojman abòdab nou an. Bidjè egzekitif la priyorize yon agrandisman ki nesèsè pou lojman ke Vil Buffalo enpasyon pou l atenn ak depase. Mwen bat bravo tou pou Administrasyon li a paske li bay kominote yo resous pou reyalize misyon enpòtan sa a".

Prezidan Konsèy Komen Vil Buffalo a, Darius Pridgen, te deklare, "Akò Lojman New York Gouvènè Hochul la se yon lòt etap nan bon direksyon an pou asire Nouyòkè yo gen kapasite pou yo kontinye viv epi pou yo peye bon jan kalite lojman. Mwen kwè

ke li te tande popilasyon Lwès New York la, ke nou ap fè fas a yon kriz lojman epi kontra sa a se yon solisyon ki adrese bezwen an. Kòm yon defansè pou kominote revni melanje ak lojman abòdab, mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul sou pwopozisyon li a, epi mwen konnen ke li pral ede moun ki mwens privilejye ak defavorize nou yo".

Direktè Egzekitif Otorite Lojman Minisipal Buffalo, Gillian Brown, te deklare, "Kòm Direktè Egzekitif Otorite Lojman Minisipal Buffalo (Buffalo Municipal Housing Authority, BMHA) - dezyèm pi gwo otorite lojman Eta New York - mwen konnen twò byen ki domaj mank lojman nan eta nou an lakòz. Mwen sipòte avèk antouzyas Kontra Lojman Gouvènè Hochul pwopoze a, epi mwen espere yon ogmantasyon ki nesèsè anpil nan rezèv lojman Lwès New York, ki abòdab ak nan pri mache a".

Majistra Vil Niagara Falls Ian Robert Restaino te deklare, "Nou apresye enterè ke Gouvènè nou an te montre nan fè New York vin pi fasil pou viv ak abòdab. Enpak dirèk li sou yon pwoblèm ki te trè neglije nan Eta nou an reflekte lidèchip odasye li. Vil nou an akeyi opòtinite pou pwofite efò li yo pou amelyore kominote nou an pou tout rezidan yo".

Vil Majistra Jamestown, Eddie Sundquist, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè a paske li chita avèk lidè kominotè yo epi li eksplike pwopozisyon li pou Kontra Lojman New York la. Se ap yon pwojè lwa transfòmasyon ki ap eseye rezoud pwoblèm lojman nan eta a. Mwen espere kontinye diskisyon yo sou fason pwopozisyon sa a kapab pi byen egzekite nan vil tankou Jamestown".

Majistra Vil Dunkirk, Willie Rosas Majistra, te deklare, "Gouvènè Hochul te prezante yon vizyon ak yon plan odasye pou adrese bezwen ki pi fondamantal yo avèk Kontra Lojman New York li a pou satisfè demann nivo kriz la pou lojman abòdab bon jan kalite ak sekirite nan Dunkirk ak atravè eta a ki pral ankouraje reyamenajman anba lavil nou an ak ekonomi lokal nou an piske anplwayè nou yo nan konpetisyon pou travayè ki soti nan eta vwazen yo. Sitwayen ak biznis nou yo toujou site pi bon jan kalite lojman kòm yon priyorite ki toujou pran tèt la".

Sipèvizè Vil Amherst la, Brian J. Kulpa, te deklare, "Objektif lojman Gouvènè a anbisye men li ka reyalize. Kòm minisipalite nou bezwen konsantre sou ogmante lojman an paralèl ak opòtinite pou ogmantasyon travay. Se sèl fason nou pral grandi kòm yon rejyon. Mwen sipòte totalman kontra lojman an epi Amherst sou wout pou atenn kwasans 1 pousan sou twa ane nan yon ane. Mwen vle remèsye Gouvènè a pou opòtinite pou diskite sou vizyon mwen an pou reyamenaje Boulevard Mall la, nan pran yon pwopriyete pou yon sèl itilizasyon epi nan entwodwi itilizasyon melanje, ki pral gen ladan 3,000 inite lojman. Plan Vil la pran an kont tou siksè ak kwasans UB nan devlope yon mendèv kalifye ke nou vle wè ki rete nan Lwès New York".

###

ANILE ENSKRIPSYON OU